Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

I. A. Mannopova, R. A. Mavlonova,
N. R. Ibragimova

# TEXNOLOGIYA

Ulıwma orta bilim beriw mektepleriniń
4-klası ushın sabaqlıq

Qayta islengen hám tolıqtırılǵan
ekinshi basılımı

Ózbekistan Respublikası
Xalıq bilimlendiriw ministrligi tárepinen
tastıyıqlanǵan

«O'zbekiston milliy ensiklopediyasi»
Mámleketlik ilimiy baspası
Tashkent — 2017

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

UO‘T: 37.035.3=512.121(075.2)
KBT 74.263ya71
M-81

**Pikir bildiriwshiler:**

**Z. Shamsiyeva** — Respublikalıq bilimlendiriw orayınıń bólim baslıǵı;
**M. Pulatova** — Tashkent qalasındaǵı 144-sanlı ulıwma orta bilim beriw mektebiniń texnologiya muǵallimi;
**D. Karimova** — Buxara qalasındaǵı 18-sanlı ulıwma orta bilim beriw mektebiniń texnologiya muǵallimi.

## SHÁRTLI BELGILER:

 – abaylı bolıń;

 – topardaislew;

 – óz betinshe jumıs;

 – tákirarlaw;

 – soraw hám tapsırmalar;

 – este tutıń

**Mannopova I.**
M-81 **Texnologiya:** 4-klass ushın sabaqlıq / I. Mannopova, R. Mavlonova, N. Ibragimova. – Tashkent: «O‘zbekiston milliy ensiklopediyasi» Mámleketlik ilimiy baspası, 2017. –112 bet.

UO‘T: 37.035.3=512.121(075.2)
KBT 74.263ya71

**Respublika maqsetli kitap qorı qarjıları esabınan basıp shıǵarıldı.**

ISBN 978-9943-07-480-4

© **I. Mannopova hám b.**,2015,2017.
© **«O‘zbekiston milliy ensiklopediyasi»** Mámleketlik ilimiy baspası, 2015, 2017.
Qaraqalpaqsha awdarma
© **«Bilim» baspası,** 2017.

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# KIRISIW

**Húrmetli oqıwshı!**

Sizler «Texnologiya» sabaqlıǵı járdeminde tómengi klaslarda alǵan bilim, kónlikpe hám tájiriybelerdi bekkemlegen jaǵdayda hár túrli materiallardan jáne de shıraylı buyımlar, oyınshıqlar, modeller islew texnologiyasın úyrenesiz, ónerment ustalardıń buyım islew usılları menen tanısasız.

Sabaqlıqta berilgen tapsırmalardı orınlaw nátiyjesinde maǵlıwmatlardı izlew, orınlaw, tártibin eslew, xabarlardan paydalanıw, óz ara klaslaslar hám jası úlkenler menen qatnas jasaw hám bir-birińizge járdem beriw, kelisip islewdi úyrenesiz.

Sabaqlıq sizlerge sulıw buyımlar hám shıraylı sawǵalardı óz betinshe islewde jaqınnan járdem beredi. Olardı ata-anańız, úkelerińiz, doslarıńızǵa sawǵa etseńiz quwanadı.

Sabaqlıqta jumıs orınlaw tártibi hám onıń basqıshları bayan etilgen. Berilgen úlgilerdi kórip shıǵıń, súwret hám sızılmalardı úyreniń, orınlaw barısında tómendegi sorawlarǵa juwap beriwge háreket etiń.



1. Buyımnıń atın hám onıń qayjerde isletiliwin aytıń.
2. Buyımlar qanday materiallardan islengen?



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

3. Usı materialdı basqa buyım islewde isletiw múmkin be?
4. Buyım bóleklerin qalay belgilew múmkin?
5. Buyım bóleklerin tayar buyımnan qalay ajıratıw múmkin?
6. Buyımlarǵa forma beriw múmkin be? Qalay?
7. Buyımlardı qanday jollar menen biriktiriw múmkin?
8. Qosımsha bezew talap etildi me? Qalay? Qalay orınlaw múmkin?

**Átirapımızdaǵı texnologiyalıq process**

Áyyemgi zamanlardan-aq insanlar kúndelikli turmısında hár qıylı buyımlardan paydalanǵan. Insan áste-aqırın suw saqlawda paydalanatuǵın gúzelerge, bólmeni jaqtılandırıw ushın kerek bolǵan sham qoyǵıshlarǵa, awqatlanıw ushın kerek bolǵan kese-tabaqlarǵa bezew bergen. Dáslep, qolaysız ıdıs-tabaq, gúze hám úlken gúzeler islengen bolsa, keyin ala buyımlar názik, jeńil, shıraylı hám sulıw formalarǵa keltirilgen. Sońǵı júz jıl ishinde insanlardıń kúndelikli miynetin jeńillestiriwshi júdá kóp kúndelikli xızmet kórsetiw-texnikalıq ásbaplar dúziliwine ózgeris kirgizildi. Bul kirgizilgen ózgerisler texnologiyalıq procesler arqalı ámelge asırıldı.

**Texnologiya** (grekshe, **techne** — sheberlik, kórkem óner, **logos** — táliymat) — shiyki zat hám materiallarǵa tiyisli óndiris quralları járdeminde islew beriw jolları haqqındaǵı pán.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Buyımlar islew texnologiyası tómendegi bes basqıshpa-basqısh orınlaw procesinde ámelge asırıladı.



**Birinshi basqıshqa** ideya dep aytıladı. Bunda qanday buyım islew kerekligi sheshiledi.

**Ekinshi basqıshta** buyımdı islew rejesi islep shıǵıladı. Buyım bólimleriniń sızılması tayarlanadı.



**Úshinshi basqıshta** buyım kórinisi sızıladı. Buyımdı qanday usıllarda islew oylap kóriledi, joybarı sızıladı. Kerekli materiallar tańlanadı.



**Tórtinshi basqıshta** buyım tayarlanadı hám bezeledi.

**Besinshi basqıshta** buyimǵa sıpatına qarap baha beriledi.

Texnologiyada hárbir process úsh basqıshta: tayarlanıw, tiykarǵı hám juwmaqlawlarına bólinedi.

Tayarlanıw basqıshında: jumıs ornı, kerekli material hám ásbaplar tayarlanadı.

Tiykarǵı basqıshta jumıs orınlanadı.

Juwmaqlaw basqıshında jumıs ornı jıynastırıladı hám jumıs nátiyjesi bahalanadı.

Máselen, anańız ushın estelik sawǵa tayarlamaqshısız. Bunıń ushın sawǵa tayarlaw texnologiyasın islep shıǵıwıńız kerek.

*Birinshi* basqıshta — qanday sawǵa tayarlaw ushın tómendegi sorawlarǵa juwap tabıwıńız kerek.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Qanday buyımlar islewdi bilesiz? Islew ushın kerekli ásbap hám materiallar bar ma? Bul material hám ásbaplardan qanday buyımlar islew múmkin? Ne islew múmkin emes? Sebep nede?







*Ekinshi* basqısh — qutlıqlaw sawǵasın islew rejesin dúzip shıǵasız.

Bunıń ushın ayrıqsha qutlıqlaw sawǵasın islewdi oylap alıń. Berilgen súwretler sizge qutlıqlaw sawǵasın islewde jol kórsetedi. Qaysı súwret unaǵan bolsa sonı tańlap alıń yamasa ózińiz oylap tabıń.

*Úshinshi* basqısh — qutlıqlaw sawǵasın izbe-izikte tayarlaw rejesin dúzip shıǵıń. Súwrette durıs orınlaw tártibin kórsetiń. Qutlıqlaw sawǵasın islew procesi tártibin oqıń. Ózińiz orınlaǵan jumıs penen salıstırıń.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

1. Qutlıqlaw sawǵasınıń negizin tayarlań.
2. Applikaciya ushın gúllerdi qıyıń.
3. Úlken bólegine jabıstırıń.
4. Mayda bóleklerin jabıstırń.




*Tórtinshi basqısh* — kerekli material hám ásbaplardı tańlań. Jumıs ornın tayarlań. Ózińiz dúzgen reje boyınsha qutlıqlaw sawǵasın tayarlań. Jumıs ornıńızdı jıynastırıp qoyıń.

*Besinshi basqısh* — orınlanǵan jumısqa baha beriń. Qutlıqlaw sawǵasın alıp kórip shıǵıń. Sizge unadıma? Applikaciya ushın tayarlanǵan formalar durıs, tegis qıyılǵan ba? Durıs jabıstırılǵan ba? Doslarıńızǵa kórsetiń hám birgelikte bahalań.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



## ÁSBAP HÁM JUMÍS QURALLARÍ

Súwrette qanday ásbap hám jumıs qurallar súwretlengen? Olar qalay ataladı hám ne maqsette isletiledi? Qaysı ásbap sizge tanıs emes?



## MATERIALLAR

Bul oqıw jılında sizge texnologiya sabaqlıǵında shuǵıllanıw ushın tómendegi materiallar kerek boladı. Olardan ayırımları sizge tómengi klaslardan baslap jaqsı tanıs. Bul jerde siz birinshi ret kórip turǵan materialdı aytıń hám miynet qáwipsizligi qaǵıydalarına ámel etiń.





*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



**Jumıs procesinde qáwipsizlik qaǵıydalarına ámel etiń!**

1) jumıs ornın durıs shólkemlestiriń;
2) jumıs ornın taza hám tártipli saqlań;
3) muǵallimdi dıqqat penen tıńlań hám kórsetpelerin orınlań;
4) ásbaplardan muǵallim kórsetkenindey paydalanıń;
5) ásbaplardan tek belgilengen jumıs procesinde paydalanıń;
6) biz hám qayshını qol menen uslaytuǵın tárepinen, cirkuldi bolsa bas tárepi menen beriń;
7) shanshılatuǵın ásbaplardı ayrıqsha qapta saqlań;
8) jumıs waqtında biyparıq bolmań, dostıńızǵa kesent bermeń.



**Biliminizdi sınap kóriń**

**1. Qayshını birewge bergende qalay beriw kerek?**

a) uslaǵısh tárepi menen;
b) uslaǵısh tárepin ózińizge qaratıp;
d) ayaq astına taslaw kerek;
e) ashıq jaǵdayında.

**2. Kley menen islep bolǵannan keyin, qıl qálemdi ne qılıw kerek?**

a) suw menen juwıw;
b) suw menen sabınlap juwıw;
d) taslap jiberiw;
e) keptiriw.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# QAǴAZDÍ BÚKLEW USÍLLARÍ

**Origami** — qaǵazdı búklew jolı menen hár túrli figuralar islew óneri. Islengen figuralardı óz ornına jaylastırıw arqalı hár túrli kórinislerdi payda etiw múmkin. Bunıń ushın arnawlı belgilerdi bilip alıwıńız kerek. Bul belgiler menen tanısıń, eslep qalıń hám de islewge háreket etiń.

## SÍZÍQ HÁM KÓRSETKISHLER

| Kórinis | Shártli belgiler | Mısallar |
|---|---|---|
|  | Sızıq tóbesi bólimindegi múyeshti ózińiz tárepke búklew kerekligin bildiredi. |  |
|  | Bul sızıq bolsa qaǵazdıń joqarǵı bólimin tómenge qarap búklew kerekligin ańlatadı. |  |
|  | Bul sızıqlı kórsetkish qaǵazdı eki búklegennen keyin, sol jerdi tuwrılaw hám usı bóleginde sızıq payda etiw kerek degen sóz. |  |
| | Bul tuwrı sızıq búklengen jerde sızıq payda bolǵanlıǵın bildiredi. |  |
| | Eń sońǵı shártli belgi bolsa kózge kórinbeytuǵın sızıq bolıp esaplanadı. |  |



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## Anıqlawshı belgiler





Noqatlardı bir-birine baylanıstırıw kerekligin ańlatadı.



Arasın ashıw kerekligin bildiredi.

## Figuralar menen islew





Figuranı 180° gradusqa aylandırıw kerek ekenligin bildiredi.



Figuranı arqa tárepke burıw kerekligin anıqlap beredi.

## Birgelikte ámelge asırılatuǵın jumıslar





Qabat-qabat etip búklew.



Orınlanıp atırǵan isti bir-neshe ret tákirarlaw.



Oraw.



Birneshe márte taqlap oraw.



Alıw, ashıw, burap shıǵarıw hám jayıw.



Bir-biriniń ishine kirgiziw.





*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## KÚSHIK ISLEW

Kúshik islewde origami usılınan paydalanıń. Belgilerge itibar beriń.



**Tapsırma.** Kinolog kásibi haqqında maǵlıwmat toplań.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



**Tapsırma** (óz betinshe orınlaw ushın). Súwretke dıqqat penen qarań hám qoraz figurasın isleń.











*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# QAǴAZDAN SPORT AVTOMOBIL MODELIN ISLEW




Tuwrı tórtmúyesh qaǵazdı uzınına ekige búklep, joqarı tárepiniń ushın tómenge qaratıp búkleymiz hám ashamız. Tómengi tárepiniń ushı menen de tap usı procesti tákirarlaymız.




Nátiyjede búklengen jerde sızıqlardıń izi payda boladı. Usı procesti ekinshi tárep penen de orınlaymız.




Búklengen sızıq izlerinen qaptal tárepin orayǵa qarap súwrette kórsetilgendey búkleymiz. Ekinshi tárepin de usılay búkleymiz. Nátiyjede oq atıwshı mergenge uqsaytuǵın forma payda boladı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



Payda bolǵan mergen formasın joqarıda kórsetip, onıń qaptal tárеplerin ishke qaratıp búkleymiz. Sonda sizde súwrette kórsetilgendey forma payda bolıwı kerek.



Tayarlanǵan modelimizdiń bir tárepin alıp, onnan mashinanıń aldıńǵı tárepin isleymiz. Bunıń ushın payda bolǵan birinshi mergenniń eki tárepin súwrette kórsetilgendey ortaǵa qarap búkleymiz.



Ekinshi payda bolǵan mergenimizdi súwretke qarap ortasınan búkleymiz.

Birinshi mergenimizge ekinshi mergenimizdiń ushların jaylastıramız. Endi arqa tárepin súwrette kórsetilgendey búkleymiz.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# TÁBIYIY MATERIALLARDAN APPLIKACIYA USÍLÍNDA GÚL ISLEW

Dóretiwshilik penen shuǵıllanıw ushın tábiyat bizge hár túrli materiallardı inam etken. Olar hár qıylı formada bolıp ǵana qalmay, tábiyattıń ózi bizge olardan neler islew kerekligin de kórsetip turadı. Qarań, tómendegi súwretlerde qanday tábiyiy materiallardan paydalanılǵan?










*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Sizge islengen qaysı zat kóbirek unadı? Siz ózińiz de sonday zattı islewińiz múmkin. Buniń ushın kerekli materiallardı tayarlap alıń. Tábiyiy materiallar qalay tayarlanadı? Eslep kóriń.

Gúl islew ushın orınlanatuǵın jumıslar izbe-izligin belgilep alıń hám jumıstı baslań.

Qawın, qabaq, ǵarbız hám de miywe tuqımları tábiyiy zatlarǵa kiredi. Gúl islew ushın Sizge, sonday-aq, qaǵaz benen qayshı, kley, plastilin, hár qıylı tereklerdiń japıraqları, guash boyawı qılqálem kerek boladı.


1

2

3

4

5

6

7

Súwrette kórsetilgenindey, qaǵazdan diametri 2 sm li sheńber qıyıp alıń hám oǵan 5 shabdal shańǵalaǵın jabıstırıń.

Usılay tayarlanǵan eki formalı qaǵazdı bir-birine jabıstırıń.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



Eki tárepinen ortasına 3 den shabdal shańǵalaǵın jabıstırıń. Kepkennen keyin guash penen boyań.

Gúl japıraǵı ushın shabdal shańǵalaqların jasıl reńge boyań hám gúl átirapına jaylastırıń.

Kórip turǵanıńızday, shańǵalaqlardan hár qıylı gúllerdi islew múmkin.



## ÓZ BETINSHE DÓRETIWSHILIK JUMÍS

Sizge kerek boladı: qawın, qabaq, ǵarbız tuqımları hám xurma shańǵalaǵı; qaǵaz benen qayshı, kley yaki plastilin; hár qıylı terek japıraqları.













*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



## GÚL ISLEW



Bizge ashıq qızıl hám aq reńdegi miywelerdi salıwǵa isletiletuǵın tor qalta, ishimlik ishiwge arnalǵan trubkalar kerek boladı.

Ashıq qızıl reńdegi tor qaltanı eki búklep qıyamız hám birewin trubkanıń ushına orap, jip penen baylaymız.





Aq reńdegi tor qaltanı eki búkleymiz, ishine ashıq qızıl reńli gúl ortasın jaylastıramız hám jip penen baylaymız.

Usılayınsha basqa gúllerdi de tayarlaymız.





Qalıń kartonnan japıraq qıyıp alamız.



Gúldáste tayarlaymız.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# GÚZGI JAPÍRAQLARDAN GÚL ISLEW


1


2


3


4


5


6


7



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# ASXANA BUYÍMLARÍ MENEN TANÍSTÍRÍW HÁM ISLEW



Súwrette qaysı kásip iyesi súwretlengen? Ol jámiyetke qanday payda keltiredi? Jumıs babında qanday ásbaplardan paydalanadı?

Súwrette kórsetilgen buyımlarǵa itibar beriń. Qaysı qatardaǵı buyımlar ásxana buyımları, qaysı qatardaǵı buyımlar asxanada paydalanılatuǵın ásbaplar hám qaysıları turmıslıq xızmet kórsetiw texnikalar taypasına kiredi? Olardıń atların hám olardan qanday jaǵdayda paydalanıwdı bilesiz be?





*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Plastilinnen asxana buyımların islep kóriń. Olardı islew ushın, eń dáslep, olardıń dúzilisine itibar beriń. Islew texnologiyasın islep shığıń hám sol tiykarda jumıstı baslań. Plastilin menen islewde qanday qağıydalarğa ámel etiw kerekligin umıtpań.



**Plastilinnen úy-ruwzıgershilik buyımı esaplanğan tabaq islewdiń kórsetpeli kartası.**

| | |
|---|---|
|  | Tabaq islew ushın plastilinnen qalıńlığı 3 — 4 mm bolğan lenta tárizli forma tayarlaymız. |
|  | Olardı sheńber túrinde jaylastıramız. Sol qolımız benen sılap tegisleymiz. Bul ıdısımızdıń túbin payda etedi. |
|  | Tabaqtıń ústingi bólimin islew ushın birqansha juwan hám uzınıraq lenta tayarlań. Qolıńız benen onı basıp jalpaytıń. |
|  | Olardı tayarlanğan forma túbine aylandırıp jabıstırıp shığamız hám qolımız benen tegisleymiz. |



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# ÚY-RUWZÍGERSHILIK BUYÍMLARÍ MENEN TANÍSTÍRÍW HÁM ISLEW

Jasap atırǵan úyimiz qolaylı hám úy-ruwzıgershilik jumısların orınlawda bizler hár túrli ásbap-úskenelerden paydalanamız. Aytıńshı, bizler qanday mebellerden paydalanamız? Olar bir-birinen nesi menen parıqlanadı? Úy-ruwzıgershilik buyımları qatarına neler kiredi? Ruwzıgershilik júrgiziw ushın jáne qanday úskeneler kerek? Olardıń atların aytıń.

**Tapsırma.** Kestede hár túrli úy ásbap-úskeneleri súwretlengen. Tapsırmanı orınlaw ushın qaǵaz hám qálem alıń. Oǵan dáslep bólme úskeneleri, soń asxana úskeneleriniń atların jazıń.






*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Adamzat ózi ushın qolaylıq jaratıw maqsetinde bárqulla izlenip, jańalıq ashıp kelgen. Sonıń ishinde, úy-ruwzıgershiliginde paydalanılatuǵın buyımlar da bárqulla jetilisip kelgen. Olar paydalanıw ushın qolay bolıp ǵana qalmay, sulıw da bolıwı shárt. Bunıń ushın dizayner dep atalatuǵın kásip iyeleri xızmet kórsetedi.

Sizler de 4 jıl dawamında texnologiya sabaqlıǵında hár qıylı materiallardan hár túrli shıraylı zatlardı islewdi úyrenip aldıńız. Qáne, dizaynerlik kásibi haqqında nelerdi bilesiz?

**Dizayner** — zatlar hám obyektlerdi bezew, olarǵa súwret salıw, súwret túsiriw menen shuǵıllanıwshı shaxs.

Ne ushın dizayner, eń dáslep, isleytuǵın zatınıń eskizin sızıp aladı?

**Gúlalshılıq ustaxanasına sayaxat**









*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**Gúlalshılıq** — ılaydan hár túrli úy-ruwzıgershilik buyımları, ıdıs-tabaq islewshi usta.

Gúlalshılıq topıraq járdeminde gózzallıq jaratıwshı áyyemgi hám qaytalanbaytuǵın óner esaplanadı.

Gúlalshılıq áyyemnen rawajlanǵan xalıq ámeliy kórkem óneriniń bir túri. Ata-babalarımız ılaydan badiya tabaq, sháynek, kese, lawabı kese, oyınshıq, músin sıyaqlı hár túrli buyımlar islegen.

Gúlalshılıq ónimleriniń sapası, eń dáslep, buyım tayarlanatuǵın ılayǵa baylanıslı. Xalqımız «islew berseń ılayǵa kóp, onnan shıgar naǵıs kóp» dep biykarǵa aytpaǵan. Gúlalshılar ılayı ápiwayı ılaydan parıq qılıp, ol gúlalshılıq óneriniń uzaq jıllıq tájiriybesiniń nátiyjesi bolıp tabıladı. Usı ılay mayısqaq hám jabısqaqlıq qásiyetine iye boladı. Áyyemde gúlalshılar ılay ushın topıraqtı jerdiń óz aldına qatlamlarınan jıllap izlegen. Búgingi kúnde hár qıylı temperaturada pisetuǵın ılay túrleri kóp, olar ulıwma atama da keramika yamasa gúlalshılıq ılayı delinedi. Burınları buyım islew ushın ayaq kúshi menen isleytuǵın shıǵırdan paydalanılǵan. Házirgi waqıtta shıǵırlar elektr toki járdeminde aylanadı. Islengen buyım shıǵırdan alınıp, sayada keptiriledi. Kepkennen keyin, ıǵal shúberek penen tegislenedi hám oǵan reń, naǵıs islenedi. Keyin jabıq kamerada 500—600°C temperatura astında pisiriledi.

Ózińizdi gúlalshı dep esaplap, sińlińizdiń quwırshaǵı ushın úy-ruwzıgershilik buyımlarınan tayarlap beriń. Bunıń ushın buyımlar tayarlawdı rejelestiriń.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Islemekshi bolǵan buyımıńız neshe basqıshta orınlanıwı múmkinligin oylap kóriń.



Súwrette úy-ruwzıgershilik buyımların islew jolları basqıshpa-basqısh kórsetilgen. Kórip shıǵıń hám islewge háreket etiń.

**Krovat islewdiń kórsetpeli kartası**





*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## Saat soǵıwdıń kórsetpeli kartası



## Gúze soǵıwdıń kórsetpeli kartası

1



2



3



4



5



6



7





*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Súwretke dıqqat penen qarań? Shay ishiw ushın kerekli ıdıslar qoyılǵan ba? Qaysıları artıqsha?



Mine, úy-ruwzıgershiliginde qollanılatuǵın úskene hám ásbaplar menen tanısıp aldıńız. Bólmeler hám asxananı tártipli saqlawda analarıńızǵa járdem beresiz be? Járdemleskenińizde qanday jumıslardı orınlaysız?

Anańızǵa járdemleser ekensiz, tómendegilerdi yadta tutıń!

Esikler hám tereze ramları sabın menen jıllı suwda juwıladı. Aynalardı dáslep ızǵar, soń qurǵaq tawar menen taza bolǵanınsha sıpırıń. Ízǵar tawar menen laklenbegen hám tegislenbegen mebeller, qapılar, tereze aynaları, ısıtqısh ásbapları tazalanadı. Tegislengen hám laklengen mebeller bolsa túkli jumsaq tawar menen tazalanadı. Awqatlanıwǵa otırıwdan aldın álbette qoldı juwıw kerek. Stol átirapında durıs, stulǵa súyenbey hám stolǵa janbaslamay otırıladı. Awqatlanıp bolǵannan soń ıdıslardı juwıp qoyıw kerek.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# ASPAZLÍQTA TAYARLANATUĠÍN QAMÍR TÚRLERI



Aspazlıqta qamırdan hár túrli awqatlar tayarlanadı. Sebebi qamırdıń tiykarı bolǵan biyday, arpa, mákke, júweri dáni belok elementine bay. Sonday-aq, biyday unında 11 — 16% ke shekem azotlı elementler, 1 — 1,5% ke shekem may, 70 — 74% ke shekem kraxmal, 0,5% ten kóbirek minerallar bar. Sonlıqtan, qamırdan islengen ónimler toyımlı, mazalı hám kaloriyaǵa bay boladı. Házirde xalqımız drojsız qamır, ápiwayı drojlı qamır, drojsız hám sút, may, máyek salınǵan qamır hám de drojlı hám sút, may, máyek salınǵan qamırlardan paydalanadı.



**Ápiwayı drojsız qamır.** Onı tayarlaw ushın dáslep tabaqqa duz salıp, biraz suw menen eritesiz. Keyin duzlı suwǵa elengen undı iyleysiz. Kerekli qattılıqqa kelgen qamırdı jaqsılap mushlaysız. Iylengen qamırıńızdıń túyirsiz, yaǵnıy suw hám unnıń birdey aralasqanına itibarlı bolıń. Tayar qamırdı zuwala etip, boyın alıw ushın 10 — 15 minut orap qoyıń. Bul túrdegi qamır mantı, pelmen hám laǵman tayarlaw ushın paydalanıladı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**Ápiwayı drojlı qamır**. Jumıs drojdı tabaqta (mıs, sırlanǵan, gúlal yamasa emallı) elewden baslanadı. Duz qosıp eritkenińizden keyin az-azdan un hám suw quyıp qamır iyleysiz. Tayar qamırdı zuwala etip, tabaqta qaldırasız. Ústin qalıńıraq súlgi menen orap, 1 saat ıssıraq jerge qoyasız. Qamırdıń kóteriliw waqtı oǵan salınǵan drojdıń muǵdarına baylanıslı boladı. Qamırdıń uzaq waqıt turıp qalmawına itibar beriń, bolmasa onnan tayarlanatuǵın ónimlerdiń dámi hám sıpatı buzıladı.

Drojlı qamırdan shórek, sheti qalıń nan, hár qıylı somsalar tayarlaw ushın paydalanıladı.

Joqarıda tayarlanıwı túsindirilip ótilgen drojsız hám drojlı qamırǵa ózgeshe dám beriw ushın sút, may hám máyek ónimlerin de qosıwǵa boladı.

Bul ónimler tómendegi izbe-izlikte qosıladı: suwdıń ornına sút quyıladı, izinen duz, may, droj hám máyek salıp jaqsılap aralastırıladı. Keyin aralaspaǵa un salınıp iylenedi, tayar qamır jaqsılap mushlanadı hám ashıtıw ushın alıp qoyıladı.

## Pelmen



Qamırdı qattıraq etip iylep, zuwala islep, 10 minutqa shekem dem beremiz. Keyin oqlawda bir tegis etip jayamız. Jayılǵan qamırdı kvadrat formasında kesip, oǵan kesilgen gósh salıp búgemiz.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# QAǴAZDAN PELMEN ISLEW

Sizge kerek boladı: salfetka, qaǵaz hám kley. Salfetkadan kerekli ólshemdegi 5x5, 6x6 sm li tuwrı tórtmúyeshlik formasın kesip alıń. Ortasına domalaqlanǵan (maydalanǵan gósh) qaǵazdı qoyıń hám búkleń. Barmaqlarıńızdıń járdeminde aylandırıp, ushların birlestiriń.

Birlesken jerin kley menen jabıstırıń. Mine, qaǵazdan islengen «pelmen»imiz tayar!






*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# QAǴAZDAN PAPE-MASHE USÍLÍNDA BUYÍMLAR ISLEW

«Pape-mashe» sózi francuz tilinde «jıyırılǵan qaǵaz» degen mánisti bildiredi. Pape-mashe — qaǵazdı maydalap, olardı jelim menen ústi-ústine jabıstırıw jolı arqalı oyınshıq islew usılı. Buniń ushın gazeta qaǵazı kerek boladı.

Maydalanǵan qaǵaz qıyındıları PVA jelimi menen jabıstırıladı. Sonday-aq, un yamasa kraxmaldan tayarlanǵan jelimnen de paydalanıwǵa boladı. Pape-mashe usılında qanday da bir buyım islew ushın stol ústine eski klyonka salıń. Jumıs waqtında qolıńızdı súrtiw ushın súlgi de tayarlap qoyıń.

## Pape-mashe usılında tarelka islew

Tarelkanı islew ushın sizge kerek boladı: tarelka, gazeta, jelim, qılqálem, lawabı kese, may yamasa vazelin. Dáslep gazetanı eni 2,5 sm, uzınlıǵı 10 sm bolǵan bóleklerge bólip shıǵıń.







*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE





Tarelkanıń ústingi tárepine qılqálem menen may (vazelin) jaǵıp shıǵıń hám onıń ústine birneshe qabat gazeta bóleklerin jabıstırıń.

Keyin jelim jaǵıp, ústinen gazeta bóleklerin izbe-izlik penen bir tegis jasbıstırıp shıǵıń. Jelim kepkennen keyin, onı tarelka-qálibinen ajıratıp alıń. Bunıń ushın tárelkanıń shetinen uslap, áste tartasız. Payda bolǵan tarelka formasınıń ústingi bólimine jáne bir qabat aq qaǵaz jabıstırıń. Tegis emes jerlerin qayshı menen tegisleń hám jelim qaldıqlarınan tazalań. «Tarelka» kepkennen keyin onı bezeń.











*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



## Ózińiz islep kóriń















*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## SABANNAN KÓLEMLI OYÍNSHÍQLAR ISLEW

Tómende berilgen súwretlerdi baqlań. Onda kórkem óner ustaları tárepinen sabannan islengen sulıw jumıs úlgileri berilgen.







Saban hám jipten islengen oyınshıqlar bir-birinen nesi menen ajıraladı?







*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Islew ushın biyday, arpa, súli ósimlikleriniń sabanınan paydalanamız.



Saban menen islewde jası úlkenler (muǵallim, ata-ana) járdeminen paydalanıń.

## Ósimlik sabanın tayarlaw








Sabandı islewge tayarlaw ushın ol qırqıladı hám tazalanadı. Jumıs procesinde saban sınıp qalmawı ushın onı qaynaǵan suwda jibitip alıw kerek. Buniń ushın bir tegis saban paqalları tańlap alınadı. Olar búgilmey, sındırılmay, úlkenirek ıdısqa jaylastırıladı hám ústine qaynaǵan suw quyıladı. Soń ıdıstıń ústi qaqpaq benen jabılıp, birneshe saat jibitiwge qoyıladı. Bunday islew berilgennen soń saban iyilgish hám bekkem boladı. Olardı ańsat iyiw múmkin. Islew berilgen saban bólek ıdısta saqlanadı.

Tegis applikaciyalı jumıslardı orınlaw ushın saban paqalınan tegis lentalar tayarlanadı. Buniń ushın saban paqalı qayshı yaki ótkir pıshaq járdeminde uzınına qırqıp alınadı.

Hárbir saban bólegi ıssı temperaturada utyuglenedi. Tayar sabanlar qutıǵa salınadı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Utyuglengen sabanlar PVA jelimi menen qaǵaz betine bir-birine taqap, reńleri say islengen jaǵdayda jabıstırıladı.

Qaǵazǵa jabıstırılǵan sabanlarǵa tez ıssı temperaturalı utyug basıladı. Soń kitap arasına basıp qoyıladı. Tegislengen zattıń arqa tárepine kerekli súwret túsirilip qıyıladı hám súwretin kórsetetuǵın tiykarǵı qaǵazǵa basqıshpa-basqısh jabıstırıladı.






1


2


3


4







*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## Sabannan oyınshıq at islew

Súwretke dıqqat penen qarań. Oyınshıq at qanday bóleklerden quralǵan? Onı qanday tártipte hám neshe basqıshta islew múmkin?

Sabandı tayarlawda ol ne ushın ıssı suwda jibitiledi? Jibitilgen saban qanday qásiyetlerge iye?

At islew ushın sabannan úsh baylam tayarlap alıń. Birinshi baylamdı alıp, onnan attıń bası menen moyın bólimin isleń. Qulaqların islewdi de umıtpań.




Moynına saban baylaw arqalı attı bezeń. Bunıń ushın birneshe saban baylamlarınan paydalanıń.




Denesi ushın ekinshi baylam sabandı alıń hám onı bas bólimi menen birlestiriń. Ayaqları ushın



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

úshinshi saban baylamın alıp, denesi menen birlestiriń hám ayaǵın jip penen baylań.

11  12 

Moyın bóliminen qalǵan sabandı 2 bólekke bólip, aldınǵı ayaqların payda etiń. Attıń jalı hám ayaqların sabanǵa reńli jiplerdi baylap payda etiń.

13 14 15 

Sabannan tayarlaǵan súwret yamasa oyınshıǵıńızdan qayerde paydalanıw múmkin? Solay etip, sabannan zat islewdi de úyrenip aldıńız. Jáne qanday súwretler islew múmkin?

Islegen zatıńızǵa baha beriń:

1) ata-anańız bahası;
2) doslarıńızdıń bahası;
3) ózińiz bergen baha;
4) muǵallimińizdiń bahası.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# SABANNAN APPLIKACIYA USÍLÍNDA PEYZAJ TAYARLAW

Peyzaj islewde klaslaslarıńız benen birgelikte jumıstı bólisip alıń. Soń saban menen islew tártibine ámel etken jaǵdayda jumıstı baslań hám islep bolǵan soń súwretti ulıwma karton qaǵazǵa jaylastırıń.








1


2


3


4


5


6



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



**Óziniz óz betinizshe isleń.**









*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# SUWDA JÚZETUǴÍN TRANSPORT ISLEW (KATAMARAN)



Katamaran — paluba menen birlestirilgen eki korpuslı kema.

Súwretke qarań. Katamaran islew ushın qanday zatlar kerek ekenligin eslep qalıń.

Sizge kerek boladı: muzqaymaq shóbi, qısqısh, domalaq tayaqsha.

**Este saqlań!** Muzqaymaq shóbinen paydalanǵanıńızda onı jaqsılap juwıwdı umıtpań.



Qısqısh hám muzqaymaq shóbinen keme korpusın payda etiń. Bóleklerin PVA jelimi menen jabıstırıń. Jelimniń ornına skotchtan paydalansańız da boladı. Katamaran ushın eki korpus isleymiz.

Keme korpusların muzqaymaq shóbi menen skotch yamasa jelim járdemi menen birlestiriń.






*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Jelqom isleń. Eni 8 sm, uzınlıǵı 13 sm li tuwrı tórtmúyeshli qaǵaz tayarlań. Applikaciya usılı menen bezetiń.





Jelqomdı machtaǵa* biriktiriń. Bunıń ushın qaǵazdı puqtalıq penen tesip, domalaq tayaqshaǵa kiygiziń.

Machtanı ornatıń. Domalaq aǵashtı qısqıshqa bekkemleń.



4



5



6



Islegen katamaranıńızdı suwǵa jiberiń. Ol suwda shókpey hám jıǵılmay turıwı ushın nelerge itibar beriwińiz kerek? Ne ushın ol suwda shókpeydi. Adamlar birinshi júzip júriwshi zatlardı qalay oylap tapqan? Katamarannıń wazıypası nelerden ibarat hám ol qanday materiallardan tayarlanadı?

---

*__Machta__ — katamaran jelqomlardı tartıw ushın qollanılatuǵın biyik baǵana.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## QÍZÍL JELQOMLÍ KEME ISLEW

Sizge kerek boladı: penoplast, qızıl qaǵaz, machta ushın domalaq uzınsha shóp, tis shuqlaǵısh shóbi.

1. Úsh túrli ólshemdegi tuwrı tórtmúyesh forma qıyıp alıń.

2. Hárbir tuwrı tórtmúyeshte tis shuqlaǵısh shóbi menen eki tesik payda etiń hám olardı machta ushın alınǵan domalaq shópke ornatıń.

3. Úlken-kishiligi boyınsha jaylastırıń.

4. Kvadrat formasındaǵı penoplasttı alıń. Bir tárepin súwrette kórsetilgen sıyaqlı úshmúyeshlik formasında etip qıyıp alıń (kemeniń tumsıq bólimin soǵıw ushın).

5. Qaǵazdan úlken hám kishi eki bayraqsha qıyıń. Kishi bayraqshanı tis shuqlaǵısh shóbine jabıstırıń. Úlken bayraqtı machta tóbesine jelimleń.

6. Machtanı penoplast ortasına jaylastırıń. Kishi bayraqshanı tumsıq bólimine ornatıń.



1



2





*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# USHÍWSHÍ MODELIN ISLEW

Samolyot insanǵa qanday xızmet kórsetedi? Samolyotlardıń qanday túrlerin bilesiz? Samolyot qanday bólimlerden ibarat? Samolyottı kim basqaradı? Súwretke dıqqat penen qarań. Hawada ushıwshı modeller qanday materiallardan hám qalay tayarlanıwı, olardıń ólshemleri haqqında doslarıńız benen pikirlesiń. Ne ushın ólshemlerge ayrıqsha itibar beriw kerek?

Samolyot islew ushın eki aǵash tayaqsha alıń. Eki úlken tayaqshanı aspan kók reńge, kishi tayaqshanı bolsa, qızıl reńge boyań. Boyaw kepkennen keyin tayaqshanı qısqıshtıń tómengi hám ústingi tárepine qanat etip jabıstırıń. Kishi tayaqshanı samolyottıń quyrıq bólimine jabıstırıń. Joqarǵı tárepine aǵashtan úshmúyeshlik islep jelimleń. Jelim kepkennen keyin qısqıshtıń astına magnit jabıstırıń.



1



2



3



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## O‘ZIŃIZ ISLEP KÓRIŃ

Mına samolyottı islew ushın ápiwayı nay tárizli karton alıń. Súwrettegi sıyaqlı búgilgen forma qıyıń. Bunda ushıwshınıń bólmesi payda boladı. Kartondı tegisleń, samolyot qanatı hám quyrıǵın ornatıw ushın kesik tayarlań. Qanat, dóńgelek, quyrıǵın bolsa basqa kartonnan isleń. Reń menen boyań. Boyaw kepkennen soń qanatların hám quyrıqların kesik orınǵa jaylastırıń. Dóńgeleklerin sım menen bekkemleń.




Ushıwshı kásibi haqqında maǵlıwmat toplań.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# POLIMER MATERIALLARDAN OYÍNSHÍQ ISLEW


1


2


3


4


5


6


7


8


9


10


11


12


13


14


15


16





*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# AYAZBABA USTAXANASÍNDA YOLKA BEZEGIN ISLEW

Jańa jıl bayramı ushın úyińizde hám klasıńızda yolka bezeledi. Yolkanı bezewde bolsa eń jaqsı bezek bolıp ózińiz islegen oyınshıq bolıp esaplanadı.

Oyınshıqlardı qanday materiallardan islew múmkin? Olar neshe bólimnen ibarat boladı?

Oyınshıq tayarlaw ushın:

1) reńli qaǵazdan uzınsha lentalar qıyıp alıń;

2) olardı birge toplań, ekige búkleń. Bunda kitapsha forması payda boladı;

3) onıń ortasın stepler járdeminde birlestiriń;

4) endi kitapshanıń birinshi betin ekige búklep jelimleń;

5) qalǵan betlerdi de usı tárizde jelimlep shıǵıń.






*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## YOLKANÍ BEZEW USHÍN MARJAN ISLEW

Jańa jıl yolkası marjanın islew ushın sizge kerek boladı: reńli qaǵaz, karton, jelim, qılqálem, qayshı.

Marjan islew ushın kartonnan cilindr payda etiń hám onı reńli qaǵaz benen orap jabıstırıń.

Uzınlıǵı 170 mm bolǵan reńli qaǵazdıń aralıǵı 5 mm den etip lenta tárizli formada qıyıp shıǵıń.

Tayarlanǵan lenta tárizli formanıń joqarǵı bólimine jelim jaǵıp, cilindrge tegis etip jabıstırıń.

Hár qılı reńdegi lenta tárizli formalardı jabıstırıp bolǵannan keyin yolkaǵa ildiriw ushın lentanı da jelimleń.

1



2



3





4





*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



# SHAR FORMASÍNDA YOLKA OYÍNSHÍǴÍN ISLEW



Bunday yolka oyınshıǵın islew ushın reńli qaǵaz, sım, stepler hám jelim kerek boladı.

Dóńgelek úlgisin alıp, úsh qıylı reńli qaǵazdan 12 birdey dóńgelek qıyıń. Hárbir dóńgelekti ekige búkleń. Búklegende bir ashıq kók, eki toyǵın kók, eki qızıl eki ashıq kók, eki toyǵın kók, eki qızıl hám bir ashıq kók dóńgelekshe qoyıń.



Dóńgeleklerdi stepler járdeminde bir-biri menen biriktiriń.



Tegisleń hám hárbir dóńgelektiń yarımın ekinshi dóńgelektiń yarımı menen jelimlep jabıstırıń. Bunda hárbir dóńgelektiń yarımın aldıńǵı dóńgelek penen joqarǵı tárepinen, keyingisi menen bolsa, tómengi tárepinen jabıstırıń.









*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# QAǴAZDAN YOLKA ISLEW

Qaǵazdan yolka islew ushın reńli qaǵaz, qayshı, sım, jelim, qılqálem kerek boladı.

Reńli qaǵazdan hár qılı ólshemde dóńgelekler tayarlań hám olardı sektorlarǵa bóliń. Sektorlardı belgilengen sızıqlar boyınsha súwrettegidey etip jabıstırıń. Tayar bolǵannan keyin sımǵa jaylastırıń. Yolkanıń ushındaǵı figuranı yarım dóńgelekten payda etiń.

1



2



3



4



5





*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# QUTLÍQLAW SAWǴASÍN ISLEW

Siz buyımlardıń basqıshpa-basqısh isleniwin jaqsı bilip aldıńız. Súwrette jańa jıl qutlıqlaw sawǵasın tayarlaw basqıshları kórsetilgen. Dıqqat penen qarasańız, izbe-izlik almasıp, qalǵanın bayqaysız. Islewden aldın bolsa izbe-izlikti belgilep alıń.

**Este saqlań!** Qaǵazdı ısırap etpew hám de qayshı hám jelim menen islew qaǵıydalarına ámel etiń.






*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# ERTEK QAHARMANLARÍN ISLEW

Súwrette súwretlengen ertek qalay ataladı? Bul ertekte kimler qatnasadı?





Ertek tekstin oqıǵansız ba? Ertek qaharmanların esley alasız ba?









**Plastilin menen islew texnologiyası**

Zat islewden aldın plastilindi qolıńız penen jumsartıń.

Haywan hám oyınshıqlar formasın islew ushın olardıń úlken bólimin islewden baslań. Haywanatlar formasın islew ushın dáslep onıń denesi hám bas



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

bólimin islep, olardıń qatnasların salıstırıń hám soń birlestiriń. Mayda bólimlerin jabıstırıwda músinshilik qálemi (stek) nen paydalanıń. Ol formanıń dene hám bas bóliminde oyınshıqlar payda etiwde qollanıladı. Bul oyınshıqlarǵa bolsa kóz, murın, quyrıq hám qulaq jabıstırıladı. Sonday-aq, stek artıqsha plastilindi alıwda da járdem beredi. Bólimler bir-birine bekkem jabıstırılǵannan keyin, jabısqan jerlerin stek penen tegislep qoyıń.

Eslep kóriń, qaysı ertekte túlki hiylekerlik etedi? Ertek avtorı kim? Ertek qaharmanların islep kóriń. Bunıń ushın jumıstı neden baslaw kerek? Dáslep dene dúzilisine qarap — máyek tárizli, basına qaray — domalaq formalardı islep alıń. Soń qol hám ayaqların uzınsha formada islep, dene bólimine, kóz, murın, qulaq hám quyrıǵın islep, bas bólimine jabıstırıń.



**Jumıstı islew tártibi.**

1. Topardaǵı doslarıńız penen jumıstı bólisip alıń.
2. Kompoziciyanı dodalań.
3. Toparda pikirlesiw qaǵıydasın esten shıǵarmań.
4. Plastilin menen islewde qáwipsizlik texnikası qaǵıydalarına ámel etiń.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## Ertek qaharmanlarıń islewdiń kórsetpe kartası












*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



# PLASTILINNEN SEBET KÓTERGEN TÚLKINI ISLEW




Eslep kóriń, qaysı ertekte túlki sebet kóterip júredi? Sol qaharmandı islew ushın qanday tayarlıq kóriw kerek? Bunıń ushın jumıstı neden baslaw kerek?

Eń dáslep, plastilinnen túlkiniń konus formasındaģı koftasın isleń hám onı sádepler menen bezetiń.

Keyin qol hám ayaqların, sońında bolsa, quyrıģın soģamız.

Túlkiniń bas bólegi geshir sıyaqlı kóriniske iye boladı. Oģan qulaq, murın hám kózler ornatıladı. Jumıs sońında bas bólimin denege jalģap, yubka, qol, ayaqların hám de quyrıģın óz ornına birlestirip shıģıń.








*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# JIPTEN OYÍNSHÍQ ISLEW



Jipten nelerdi islew múmkinligin bilesiz be?

Máselen, onnan jumsaq shar islew múmkin. Bunday sharǵa pópekli telpek dep te aytıladı. Onı islew ushın eki kartonnan úlgi tayarlap alıń.





Eki úlgini juplań. Juwan jip alıp, olardı tolıq qaplanǵansha birneshe qatlam etip orań. Úlgilerdiń qosılısqan jerinen jipti qıyń. Úlgilerdi áste jılıstırıń, biraq alıp taslamań. Olardıń arasındaǵı jiplerdi baylaǵannan keyin ǵana alıwıńız múmkin. Jipti pópekli telpek payda bolǵanǵa shekem durıslań. Payda bolǵan formadan hár qıylı zatlar islewińiz múmkin. Eki pópekli telpek tayarlań. Oǵan qaǵazdan kóz, qulaq, murın islep jabıstırıń.





*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# JIPTEN SEGIZAYAQ ISLEW

Segizayaq islew ushın sizge kerek boladı: reńli jip, qayshı hám reńli qaǵaz.

Qáne, segizayaqtı jipten qalay islew múmkin?

Reńli jip alıp, onı ortasınan baylań. Bas bólegi bolatuǵın tárepin belgilep alıń hám basqa reńdegi jipti barlıq jipler astınan ótkerip baylań.






Ayaqlar ushın jipti teń bóleklerge ajıratıń. Keyin olardı mayda etip orap shıǵıń. Ushların jip penen baylań. Mine, segizayaq tayar boldı! Endi reńli qaǵazdan gúller islep, oyınshıǵıńızdıń ayaqların bezeń.











*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



## Ata-anańız penen birgelikte islep kóriń

Buniń ushın sizge kerek boladı: silikatlı kancelyariya jelimli hám plastmassalı ıdıs; aq oramlı jip (№40 — 60); jip ushın shiyshe ıdıs; qayshı; juwan hám uzın iyne; oyınshıq shar; reńli qaǵaz.

Balalar oyınshıq sharın alıń. Onı úplep isiriń. Domalaq jipti shiyshe ıdısqa salıń. Iynege jip ótkeriń hám silikat jelim ıdısqa iyneni shanshıń. Keyin iyneni suwrıp, shúberek penen tazalap alıp qoyıń.






Shep qolıńızǵa shardı alıp, jelimli jipti asıqpastan sharǵa orap shıǵıń. Jipti sharǵa bekkemirek orawǵa háreket etiń. Jip qansha az oralsa, forma sonsha kórkem kóriniske iye boladı.

Sonnan keyin keptiriw ushın qoyıń. 4 saat ótkennen keyin, jip ortasındaǵı shardı iyne menen tesip alıwıńızǵa boladı. Bul formalardan hár qılı oyınshıqlar, yolka bezeklerin islewge boladı.








*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# GEZLEMEDEN JUMSAQ OYÍNSHÍQ TIGIW



Qálegen gezleme bólegin alıń hám utyugleń. Kartonnan tayarlanǵan sheńber úlgisin gezlemeniń teris tárepine qoyıp, bir tegis sheti boylap qálem menen sızıp shıǵıń. Gezlemede sheńberdiń sızılması payda boladı. Onı qıyıp alıń. Tuwrı dóńes tigis penen dógerek shetlerin tigip shıǵıń.

Tigis baslanǵan jerge kelgennen keyin, sabaqtı tartıp, gezlemeni qatlam-qatlam etip jıynań. Payda bolǵan qaltashanıń ishin paxta menen toltırıń. Paxtanıń ornına cintepon, gezlemeniń mayda bólekleri, hár túrli toqıma jiplerinen paydalanıwǵa boladı. Eger onıń ishine cellofan paketin salsańız, oynaǵan waqıtta shıtırlaǵan ses shıǵadı. Qaltashanı tıǵızlap yamasa bosıraq etip toltırıwıńızǵa da boladı. Soǵan qarap islengen oyınshıq ózgeredi. Qaltasha toltırılǵannan keyin jipti aqırına shekem tartıń hám tigis sótilmewi ushın tigiw juwmaqlanǵan bólimge bekkemlep túyip qoyıń.







*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Toptıń tóbe bólimindegi búrmelerdi qıya tigis járdeminde qaltasha ishine búklep tigip qoyıń. Usı tártipte ekinshi toptı da tayarlap alıń. Bul oyınshıqtıń bas bólegi boladı. Úlgi járdeminde jáne eki kishkene top tigip alıń. Olar ayaqlar wazıypasın atqaradı. Toplardıń jibin tartıp bekkemlewden aldın olardıń hárbiriniń ishine baylaǵısh qoyıń. Usı tártipte kóz hám tumsıqlardı da islep alıń. Jumıs barlıq bóleklerdi óz ara birlestirip shıǵıw menen juwmaqlanadı. Bul dóretiwshilik úlgisi ushın qosımsha bezewlerdi ózińiz tańlawıńız, qálewińiz boyınsha alıwıńız hám oyınshıqqa qosımshalar kirgiziwińiz múmkin.









*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



# BEZELGEN OYÍNSHÍQ KÓPSHIK TIGIW

Úlgini qaǵazǵa sızıp alıń. Tayarlanǵan gezlemeniń ońın ishki tárepke qaratıp eki búkleń. Búklengen gezlemege úlgini qoyıń hám qálem menen sızıp alıń. Sızıq boyınsha qayshı menen qıyıń. Mine, sizde qıyılǵan kópshiktiń eki tıs bólegi payda boldı. Olardıń birewine kóz hám murın ornın belgilep, tigip shıǵıń.

Eki kópshiktiń tıs bólegin awdarıp, olardıń shetlerin birlestirip tigip shıǵıń. Bunda belgili bir jerin tikpesten ashıq qaldırıwdı umıtpań.

Pútin kópshiktiń tıs bólegi tayar bolǵannan keyin ashıq qaldırılǵan jerden gezlemeni ońına awdarıń. Kópshik tısınıń ishine paxta salıp toltırıń. Ashıq jerin bolsa tigip qoyıń. Bul bezelgen kópshikti anańız benen birgelikte tayarlasańız jáne de jaqsı.








*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# OYÍNSHÍQ TIGIW

(Úyde óz betinshe islew ushın)










*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## JÚK MASHINASÍ MODELIN ISLEW

Sabaqlıqtaǵı sızılmanı dıqqat penen úyreniń. Tayarlanǵan úlgini qaǵazǵa qoyıp sızıp alıń hám qıyıń. Atalıwına qarap bólimlerin ornalastırıń.




Kabina







Kuzov astındaǵı tayanısh










Kronshteyn



Kuzov



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## AVTOMOBIL MODELIN ISLEW

Shırpı qutısınan avtomobil modelin tayarlawda órt qáwipsizligi qaǵıydasına ámel etiwdi umıtpań.


1


2


3


4


5


6


7


8


9


10


11


12


13


14


15


16



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# 8-MART BAYRAMÍNA QUTLÍQLAW SAWǴASÍ

Kvilling — uzınsha hám ensiz qaǵazdı oraw (máselen, biz, tis shuqlaǵısh shóp átirapında) arqalı názik tárizde islengen forma. Bunda qaǵaz spiral tárizli bolıp qaladı hám onı ózgertiw arqalı basqa hár qıylı formalardı payda etiw múmkin. Qaǵazdıń eki tárepi de reńli bolıwı kerek. Kvilling payda etiw ushın qaǵazdıń eni 3 — 7 mm bolıwı talap etiledi.

Qaǵazdı eki barmaǵıńız benen uslań.

1



Sonday jaǵdayda onı ekinshi barmaǵıńız tırnaǵı menen tegislep, qaǵazdıń ushın qayırıń.

2



Ushı qayırılǵan qaǵaz aǵashtan tayarlanǵan arnawlı tegis jińishke tayaqshaǵa tez oraladı. Qaǵazdı tıǵız etip orawdı umıtpań.

3



Eger qaǵazdıń diametri 3 — 4 mm bolsa, bizdi qoyıp, barmaqlarıńız benen de orasańız boladı.

4



Spiral tárizli formanı biraz ashıw ushın barmaqlarıńızdı bos qoyıń.

5





*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Spiral jayılıp ketpewi ushın PVA jelimi menen áste jabıstırıp qoyıń.

6



Spiral tárizli formanı barmaqlarıńız benen ezip, hár qıylı formalar payda etiwińiz múmkin.

7



Bul formalar járdeminde hár qıylı zat-buyımlar islep kóriń.















*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# BAYRAM QUTLÍQLAW SAWǴASÍN ISLEW

8-mart — Xalıq aralıq hayal-qızlar bayramı. Bul kúni hámmemiz mehriban analarımızǵa, gózzal apa-sińlilerimizge sawǵalar úlestiremiz. Perzenti óz qolları menen islegen bayram sawǵası bolsa áziz analarımızdı jáne de quwandıradı. Ózińiz islegen naǵıslı qutlıqlaw sawǵasına kewlińizdegi jaqsı tilek sózlerińizdi jazıp, anańızǵa sawǵa etseńiz, olardı jáne de kewillendirgen bolasız. Sizge birneshe kvilling texnikası menen tayarlanǵan qutlıqlaw sawǵasın beremiz. Olarǵa dóretiwshilik penen qatnas jasap, úyrengen kvilling texnikası tiykarında ózińizde islep kóriń.












*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



# ÓZIŃIZ ISLEP KÓRIŃ

Qutlıqlaw sawǵasın islew ushın sizge kerek boladı: reńli qaǵaz, qayshı, jelim hám salfetka.

Reńli qaǵazǵa úlgi boyınsha gúl hám japıraqtıń súwretin túsiriń. Payda bolǵan formalardı qayshı járdeminde qıyıp alıń.

Gúldiń orta bólimine domalaq formanı jabıstırıń hám qutlıqlaw sózin jazıń. Tayarlanǵan gúl hám japıraǵıńızdı belgilengen orınǵa jabıstırıń.






*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# NAWRÍZ BAYRAMÍNA QUTLÍQLAW SAWǴASÍN ISLEW

Qalıń qaǵazǵa qálegen formadaǵı gúldiń súwretin salıń.

Salınǵan gúl formasınıń bir bólegine kley jaǵıń.

Kvadrattı naysha etip, tis shuqlaǵısh ushına orań.

Tis shuqlaǵıshtı shıǵarıp alıń hám gúldi sızıq boylap jabıstırıń.

Keyingi nayshalar da solay etip jabıstırıladı.

Nayshalardı bir-birine jaqın jaylastırıw kerek.




7








*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



## ÓZIŃIZ ISLEP KÓRIŃ
















*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



# «GÚLZAR» KÓRINISIN KVILLING USÍLÍNDA ISLEW

Kvilling usılında gúlzar kórinisin klaslaslarıńız benen birgelikte isleń. Kvillingniń hár túrli usılınan paydalanıp, gúlzar isleń.









*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# TIGIWSHILIK

Sizler kiyetuǵın kiyimlerdi kim tikkenin, ol qanday gezlemelerden tayarlanǵanlıǵın bilesiz be? Kiyimdi taza tutıwdıń paydalı táreplerin sanap bere alasız ba? Qanday túrdegi gezlemelerdi bilesiz? Tómende ótkerilgen tájiriybeden neni bilip alıw múmkin? Ne ushın gezlemeniń qásiyetin biliwimiz kerek? Kiyim-kenshekler qanday gezlemelerden tayarlanadı? Ne ushın kiyim-kenshekler hár qıylı gezlemelerden tigiliwin oylap kóriń.

**Tábiyiy** **Ximiyalıq**




**Qaysı gezleme tez jibiydi**




**Qaysı gezleme kóp jıyrıq boladı**



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# GEZLEMEDEN ZATLAR TIGIW

Ózińizdi sınań:

1) qaǵaz hám qálem tayarlap alıń;

2) hárbir qatarda berilgen tigis túrleri atına tuwrı keletuǵın sanlar ornın almastırıń.

A  1 Shınjır tárizli tigis

B 

2 Naǵıs tárizli tigis

D  3 Naǵıslı tigis

E  4 Bir túrdegi tigis

Sızılma durıs kórsetilgen súwretti tabıń hám cifrın qaǵazǵa jazıń.






*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Gezlemelerden buyımlar tómendegi tártipte tayarlanadı:

1) gezleme tańlanadı;
2) úlgi tiykarında bólimler belgilep alınadı;
3) belgilengen bólimler qıyıladı;
4) islew beriledi hám tigiledi.

Qol oramal tigiw ushın gezleme tańlap alıń. Ólshemin belgileń hám qıyıń.

Tigiw ushın sizge qanday material hám ásbaplar kerek boladı?



## Qol oramal shetine islew beriw



Qol oramaldıń sheti tegis hám bekkem bolıwı kerek. Bunıń ushın onıń shetin 1 sm etip búkleń hám tuwrı tigiste tigiń. Tigip bolǵannan soń anańız járdeminde utyugleń. Iyne hám qayshı menen islewde qáwipsizlik texnikası qaǵıydalarına ámel etiń.





*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# GEZLEMEDEN GÚLDÁSTE ISLEW

Gezleme gúllerinen gúldáste tayarlawda applikaciya usılınan paydalanıladı. Eń birinshi jumıs — gezlemedegi gúllerdi qıyıp alıw. Qıyıp tayarlanǵan gúllerdi jabıstırıw ushın olardıń reńine sáykes túrde reńli qaǵazdan túbin tayarlap alıń. Tayar túpke gúllerdi jaylastırıp shıǵıń hám jelimleń. Gúldásteniń japıraǵın da materialdan qıyıp alasız hám jabıstırasız. Gúl túbin bolsa, reńli qálem menen sızıp qoyıń.







Siz de gezleme gúllerinen paydalanıp, gúldáste isleń.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



Gúldáste islew ushın tayar úlgini gezlemege qoyıp qıyıp tayarlap alıń. Tayarlap alǵan formalardan kompoziciya isleń.





1



2



3



4







*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# TOQÍW HAQQÍNDA MAĞLÍWMAT



Toqıw dáslep adamlar turmısında zárúrlik sebepli payda bolǵan. Áyyemde olar turmısta ózlerine kerekli zatlardı ápiwayı materiallardan paydalanıp tayarlaǵan. Toqıw jıllar dawamında rawajlanıp, haqıyqıy kórkem óner dárejesine kóterildi. Toqılǵan zatlar ıssı, bekkem hám shıdamlı. Siz de shıdamlılıq penen jip hám ilmek járdeminde shıraylı zatlar toqıp, jaqın adamlarıńızdı quwandırıwıńız múmkin.

Buyımlardı qol menen toqıw ushın kegey (spica) yaki ilmek kerek. Kegey hám ilmek penen islegende qáwipsizlik texnikası qaǵıydasın este tutıń hám jumıstı tamamlap, ásbaplardı arnawlı qapqa salıp qoyıwdı umıtpań. Buyımlardı jún jip, jún aralasqan jip, jipek jip, paxta jip, qoyan hám eshki túbitinen de, ızǵar jiplerden de toqıwǵa boladı. Kiyim-kenshekler bos iyirilgen jiplerden, dasturqan, salfetka, jaǵa, sumka, sıyaqlı buyımlar iyirilgen jipten toqıladı.

## Kegey járdeminde toqıw



Buyım toqıǵanda hár eki tárepi ushlı tuwrı kegeyi hám saqıyna tárizli iyilgen diametri hár qıylı toqıw kegeylerinen paydalanıladı. Kegey menen toqıǵanda jún jip qollanıladı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



Kegey — toqıw ushın isletiletuǵın ásbap (spica).

**Kegey menen toqıwdı orınlaw tártibi:**











Jipti súwrette kórsetilgendey etip uslaw kerek. Saqıyna toqıw ushın birden eki kegey alınadı.

Olardı jup etip uslap, ushın jiptiń astına kirgizip kórsetkish barmaqtıń ústinde turǵan jipti ilip alıw hám bas barmaqtaǵı saqıyna arqalı tartıp shıǵarıw kerek. Keyin bas barmaqtı saqıynadan alıp, jipti tartıw kerek boladı.

Náwbettegi saqıynalardı toqıwda usı háreket izbe-iz tákirarlanadı. Nátiyjede, toqılatuǵın buyımnıń dáslepki qatarı payda boladı.

Dáslepki qatardı toqıp bolǵannan soń, jumıstı dawam ettiriw ushın bir kegeydi áste suwırıp alamız.

Toqılǵan qatarımız ekinshi kegeyde qaladı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## Ońı hám teris ilmeklerdi toqıw

Ońı hám teris ilmekler kegeyde toqıwdıń tiykarǵı elementleri esaplanadı. Ońı ilmek polotnonıń artqı tárepinde teris ilmek bolıp, teris ilmek bolsa ońı bolıp kórinedi. Ońı ilmeklerdi toqıwda jip barlıq waqıtta jumıstıń arqa tárepinde jaylasadı. Ońı kegeydi ózine qarata shepten ońǵa-shep kegeydegi ilmekke kirgizip, jipti tartıp alamız. Nátiyjede ońı kegeyde jańa ilmek payda boladı. Shep kegeyde qalǵan ilmekti túsirip jiberemiz.

Usı usıldan paydalanıp, súwrette kórsetilgenine qarap, ózińiz ushın sharf toqıp kóriń.

















*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# ILMEK PENEN TOQÍW



Ilmek áyyemgi toqıw ásbaplarınan biri. Ilmek penen toqıw burınnan rawajlanǵan qol ónerlerinen biri. Búgingi kúnde de bul qol óneri menen kóp hayal-qızlarımız shuǵıllanadı. Ilmekler metalldan, aǵashtan yamasa plastmassadan tayarlanadı. Olar uzınlıǵı hám qalıńlıǵına qarap hár qıylı boladı. Kóbinese metall hám plastmassadan yamasa qattı aǵashtan tayarlanǵan ilmekten qalıń, jumsaq hám elastiklik jiplerden buyımlar toqıwǵa boladı.

Ilmeklerdiń túrleri kóp, olardiń eń jaqsısı súyekten islengen ilmek. Olar bekkem hám tegis boladı. Qalıń jip hám gezleme ushın aǵashtan islengen ilmekler qollanıladı. Jipek tor toqıwda jińishke jipler polattan islengen ilmekler menen toqıladı.

## Ilmek penen toqıw usılları

Ilmek oń qolıńızda, jip bolsa shep qolıńızda bolsın. Ilmekti ruchka yamasa qálemdi uslaǵanday uslań. Ilmektiń ushı joqarıǵa da, tómenge de emes, ózińizge qaratılǵan bolıwı kerek. Jipti bolsa súwrette kórsetilgendey etip kórsetkish barmaǵıńızǵa ilip, úlken barmaǵıńız benen kelte buwını, qaptaldaǵı barmaǵıńız benen bolsa jipti uslap turıń. Ilmekti oń qol menen, jipti bolsa shep qoldıń bas hám orta barmaqları menen uslań. Keyin jipti ilmek benen ilip alıp, gúrmek payda etiw



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

ushın ilmekti aylandırıń. Jip ilmekti orap, saqıyna payda etedi.





## Hawa saqıynasın toqıw





Tiykarǵı saqıynamızdı úlken barmaǵımız benen basıp turıp, jipti ilip alsań, hawa saqıynası payda boladı. Keyin jáne ilmekti kórsetkish barmaǵıńız astındaǵı jipke tıǵıp, bul jipti ilip alıp, onı ilmektegi saqıyna ishinen tartıp shıǵarıń.

Bul ilmek toqıwdıń tiykarǵı háreketleri bolıp esaplanadı. Jumıs barısında jiptiń uzın bólegin kishkene barmaǵıńız benen uslap turıwdı umıtpań. Baslanǵısh saqıynanı jiptiń kelte tárepinen tartıp bekkemlep qoyıw múmkin.





*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Jumıstı stolǵa qoyıń (1). Ilmek járdeminde jipti aqırǵı saqıynadan shıǵarıp alıń (2).

Toqılmanıń eki ushındaǵı jiplerdi qayshı járdeminde qıyıń (3).




Jipti shınjır tárizli kóriniste toqıp alıń (1). Shınjır tárizli toqılǵan jiptiń aqırǵı tesigine ilmekti tıǵıń (2). Ilmek penen jipti ilip alıń (3). Jipti shınjır hám ilmek ústinen tartıń (4,5). Nátiyjede, yarım baǵana payda boladı.






*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# SHÍNJÍR TIGISINEN KOMPOZICIYA ISLEW

Óz qollarıńız benen toqıǵan shınjır tárizli jiplerińizden paydalanıp, applikaciya usılında hár túrli naǵıslar payda etiń.



Toqıw ushın qanday ásbaplar kerek boladı? Qanday jip túrlerinen paydalanamız? Qanday zatlardı toqıw múmkin?



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Ózińiz óz betińizshe isleń.









*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# MÁYEK QABÍRSHAĞÍNAN MOZAIKA USÍLÍNDA KOMPOZICIYA TAYARLAW

Máyek qabırshağınan anańız benen ámeliy jumıstı islew ushın tayarlap alıń. Kompoziciya dúziw ushın tek shiyki máyek qabırshağınan paydalanıń. Bunıń ushın máyek qabırshağın suwǵa salıp qoyıń. Suwǵa bir qasıq duz hám soda salıń. Sonda máyek qabırshağınıń alınıwı ańsat boladı.





Karton qaǵazǵa súwrettiń súlderin túsirip alamız.



1

Máyek qabırshağın kerekli reńler menen boyaymız. Keyin keptiriwge qoyamız. Keptirilgennen keyin onı maydalaymız hám kartonǵa salınǵan súwretke jabıstıramız. Jabıstırıwdı shetten baslaw kerek.



2



3



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



4



5







*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# DÓRETIWSHILIK PENEN ÓZ BETINSHE ISLEW USHÍN TEMALAR



## Almanıń formasın islew

Alma islew ushın sizge kerek boladı: gazeta, jelim, qılqálem, alma, may yamasa vazelin.

Almaǵa may jaǵıp, keyin ızǵar qaǵaz bóleklerinen birneshe qatlam etip jabıstırıp shıǵıń.





*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Payda bolǵan formaǵa jelim jaǵıp, aq qaǵaz jabıstırıń. Keyin gazeta bólеklerin jelimleń. Bul procesti 3 márte tákirarlap orınlań.




Jabıstırıp bolıp, formanı pıshaq penen teń ekige bóliń hám almanı ajıratıp alıń. Alma forması bólimlerin jelim menen bir-birine jabıstırıń.




Ústinen guash boyawı menen reń beriń.






*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# QIS KÓRINISIN SÚWRETLEW

Qıs kórinisin baqlań. Qısta tábiyatta qanday ózgerisler bolıwın súwretlewge háreket etiń. Kórinisti súwretlew ushın eki túrli reńli qaǵazdan tiykar tayarlań hám tereklerdi ekige búklep qıyıw kerekligin umıtpań.

Kórinisti applikaciya usılında islew tártibi izbe-izligin qálem menen sanlar jazıw arqalı belgileń.

a) qıyıń;
b) bólimlerin belgileń.
d) jabıstırıń;
e) bólimlerge jelim jaǵıń.





*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE









*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## Kólemli applikaciya usılınan paydalanıp kórinis islew



Kvadrat túrindegi qaǵazdı diagonal sızıqları boyınsha búkleseńiz, kólem (úsh ólshem) li yolkanıń bir japıraǵı payda boladı. Sonday japıraqtan hár qıylı ólshemde birqansha islep alıń hám bir-biriniń ústine jaylastırıp shıǵıń.

Qoyan soǵıw ushın bolsa úshmúyesh qaǵaz alıń. Ushlı tárepin azǵantay qırqıń hám bir bólegin búkleń. Úshmúyeshliktiń keń tárepin garmoshkaǵa uqsatıp (qatlam-qatlam etip) búkleń hám onı tayarlap qoyǵan orınǵa jabıstırıń.








*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# APPLIKACIYA USÍLÍNDA BÁHÁR KÓRINISIN ISLEW

Sizge kerek boladı: reńli qaǵaz, jelim, qılqálem, qayshı.

Báhár kórinisin applikaciya usılında islew ushın úlgi boyınsha kerekli formalardı qıyıp alıń. Súwrette kórsetilgenindey etip jelim menen jabıstırıń.









*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## Ózińiz islep kóriń







*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## QUTLÍQLAW SAWǴASÍN TAYARLAW

Doslarıńızdı bayram menen qutlıqlaw ushın qutlıqlaw sawǵasın isleń.

Súwretke dıqqat penen qarań. Qutlıqlaw sawǵasınıń tiykarǵı bólimin qalay tayarlaw múmkin?



Gúl japıraǵı hám japıraq tayarlaw ushın qanday formadaǵı qaǵaz alınadı? Qaǵazǵa qálem menen qanday forma soǵıp alasız?



Gúl japıraqları súwrette qalay jaylasqanlıǵın kórip shıǵıń hám qutlıqlaw sawǵasına jaylastırıń.






*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## BAYRAMǴA QUTLÍQLAW SAWǴASÍN TAYARLAW

Tuwrı tórtmúyesh qaǵazda qutlıqlaw sawǵasınıń tiykarǵı bólimin tayarlap alıń.

Aldıńǵı klaslarda gúl tayarlaw jolın esleń hám gúl tayarlań.



1 2 3 4 5 6

Gúl japıraqların súwrettegidey búklep shıǵıń hám bir-birin ústine qoyıp jabıstırıń.

Japıraq hám gúzeni qaǵazdı ekige búklep, úlgi tiykarında belgilep alıń hám qıyıń.




Qutlıqlaw sawǵasın tayarlawda birinshi gezekte qaysı formanı jabıstırıwdan baslaysız? Formalardı jabıstırıwda izbe-izlikke ámel etiń.



**Tapsırma:** Súwrette berilgen gúllerden paydalanıp, jáne qanday qutlıqlaw sawǵaların tayarlaw múmkin? Oylań hám islep kóriń.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## ÓZIŃIZ QUTLÍQLAW SAWǴASÍN ISLEP KÓRIŃ

Qutlıqlaw sawǵasınıń qalay isleniwin esleń hám doslarıńız benen birge islep kóriń.



Qanday formadaǵı qaǵaz alınadı hám ol neshe márte búklenedi? Qalay búklenedi?




Payda bolǵan gúl formasınan kólemli gúl formasın payda etiń. Gúllerdi súwrette belgilengen belgiler tiykarında bir-birine jabıstırıń.





*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



## BAYRAM QUTLÍQLAW SAWǴASÍ

Qutlıqlaw sawǵasın islew ushın dáslep onıń tiykarın tayarlap alıń. Eki qıylı ólshemdegi tuwrı tórtmúyeshli qaǵazdı ekige búkleń, oǵan qálem menen súwrettegi sızılmanı sızıń. Keyin sızılma boyınsha qıyıń hám tayar formalardı jabıstırıń.






*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# ESLEW HÁM QÁDIRLEW KÚNINE GÚLDÁSTE ISLEW

Aldınǵı sabaqlarda ózlestirgen bilimlerińiz tiykarında Eslew hám qádirlew kúnine atap gúldáste isleń.

| | |
|---|---|
|  | Kerekli ásbaplardı tayarlap alıń. Kvadrat formasındaǵı qaǵazdı qıyıp tayarlań. |
|  | Kvadrat formasındaǵı qaǵazdı súwretdegidey qálemge orań. |
|  | Oramdı ortaǵa qarap jıynań. Sonday gúl japıraǵınan 5 in tayarlań. |
|   | 5 japıraqtı birgelikte aylandırıp jıynań hám jip penen baylań. |
|  | Usınday gúller payda bolıwı kerek. |



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

| | |
|---|---|
|  | Gúl túbegine gazeta yamasa kereksiz qaǵazdı jaylastırıń. |
|  | Qaǵazǵa kley jaǵıp, oǵan gúldi jabıstırıń. Kepkenshe sabır etiń. |





*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## SEBET HÁM GÚLLER SOǴÍW

Gúldiń formasın islew qanday tártip tiykarında ámelge asırıladı? Esleń hám súwretke qarap isleń.

Eki tárepi bir qıylı reńdegi qaǵazǵa úlgi járdeminde gúl formasın sızıń. Gúllerdiń sanı kóp bolıwı ushın qaǵazdı qabat-qabat etip búkleń.



Búklengen gúl formasın abaylap qıyıń. Domalaq formalar islep, gúllerdiń ortasına jabıstırıń.





*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Tuwrı tórtmúyesh qaǵazdı alıp, teń ekige búkleń. Búklengen tárepinen 2 sm qaldırıp, birdey etip qıyıp shıǵıń.





Keyin qıyılmaǵan tárepin orań hám shetin jelim menen jabıstırıń. Olardıń arasın ashıń.






Endi shaqalarǵa gúllerdi jelimlep shıǵıń. Mine, sebettegi gúller tayar!





*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



## GULDÁSTE ISLEW

Gúldáste islew ushın qaǵazdı búklew jolların eske alıń. Ámellerdiń basqıshpa-basqısh isleniwine itibar beriń hám isleń.










*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# QAĠAZDAN KEPTER ISLEW

Kvadrat formasındaģı qaģazdı alıń. Onıń qarama-qarsı ushların birlestiriń hám úshmúyeshlik payda etiń. Úshmúyeshliktiń tómengi ushların joqarģı tárepteгi ushlarına birlestiriń hám arqa tárepine burıń.

Qaptal tárepteгi ushların orta sızıqqa qarap birlestiriń hám tómengi tárepten arasın ashıń.

Súwrette kórsetilgendey etip búklep, iz qaldırıń. Qaldırılģan izlerdi ishine qaratıp búklew arqalı quyrıq hám bas bólimin payda etiń.






*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**Qaǵazdı búklew qagıydalarına ámel etip, aqquwdı soǵıwǵa háreket etiń.**






*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# QAǴAZDAN QORAZ ISLEW

Kvadrat qaǵazdı alıń. Onıń tómengi ushın ortasına qaray búkleń. Kvadrat qaǵazdıń joqarı tárepindegi ushın ortasına qaray búkleń. Keyingi búklewdi súwrette kórsetilgenindey ámelge asırıń.

Payda bolǵan formanı ekige búkleń, soń súwrette sızılǵan sızıqlar boyınsha iz qaldırıp búkleń. Búklengen jerinen arasın ashıp jaylastırsańız, qorazdıń bas bólimi payda boladı. Quyrıq bólimin de usı usılda isleń.









*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## QUS PALAPANÍN TOQÍW

Shımshıqtıń palapanın toqıw ushın jumıstı hawa saqıynası payda etiwden baslań. 10 — 12 ilmek toqıń (1). Yarım baǵana toqıń (2 — 3).

Shınjırdan saqıyna payda boldı. Jáne 10 ilmek toqıń (4). Birinshi saqıynanıń qasına ekinshi yarım baǵanasın toqıń (5 — 6). Eki saqıyna payda boldı. Usı tárizde toqıwdı dawam ettiriń. Hawa saqıynasınan domalaq formalar payda boladı. Eki monshaqtı tigiń (bul palapannıń kózleri boladı). Reńli qaǵazdan tumsıǵı hám pánjelerin qıyıp jabıstırıń.








*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## TEXNOLOGIYA SABAǴINA TIYISLI ATAMALAR TÚSINDIRMESÍ

**Karton** — arnawlı islengen qalıń, qattı qaǵaz.

**Mulina** — keste tigiw ushın qollanılatuǵın reńli sabaqlar.

**Penoplast** — plastmassanıń jeńil kóbik tárizli túri. Tiykarınan aq reńde boladı.

**Materiallar** — qanday da bir maqset ushın kerekli shiyki zat, zat. Islewde qollanılatuǵın tiykarǵı materiallar: qaǵaz, gezleme, aǵash, plastmassa, metall h.b.

**Ólshew** — ólshew ásbabı quralı menen zattıń uzınlıǵı, ólshemin belgilew degen sóz. Buyımlardı ólshewde, tiykarınan, onıń biyikligi, eni hám uzınlıǵı itibarǵa alınadı hám uzınlıq birlikleri (santimetr, millimetr)nen paydalanıladı.

**Birlestiriw** — buyım bóleklerin bir-birine jabıstırıw.

**Forma** — buyımnıń ústingi kórinisi. Buyımlar kólemli hám tegis kóriniste boladı. Olardıń kórinisi tuwrı tórtmúyeshlik, shar tárizli, tuwrı hám iymek formasında bolıwı múmkin.

**Origami** — qaǵazdı búklep, forma islew usılı.

**Kegey (spica)** – toqıw ushın qollanılatuǵın ásbap.

**Pape-mashe** — qaǵazdı bóleklep jabıstırıw jol menen zat-buyımlar islew usılı.

**Kvilling** — uzınsha hám ensiz qaǵazdı esiw usılı menen shıraylı hám názik buyımlardı islew usılı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## MAZMUNÍ

KIRISIW....3
QAǴAZDÍ BÚKLEW USÍLLARÍ .... 10
KÚSHIK ISLEW .... 12
QAǴAZDAN SPORT AVTOMOBIL MODELIN ISLEW .... 14
TÁBIYIY MATERIALLARDAN APPLIKACIYA
USÍLÍNDA GÚL ISLEW .... 16
GÚL ISLEW .... 19
GÚZGI JAPÍRAQLARDAN GÚL ISLEW .... 20
ASXANA BUYÍMLARÍ MENEN TANÍSTÍRÍW
HÁM ISLEW .... 21
ÚY-RUWZÍGERSHILIK BUYÍMLARÍ MENEN TANÍSTÍRÍW
HÁM ISLEW .... 23
ASPAZLÍQTA TAYARLANATUǴÍN
QAMÍR TÚRLERI.... 29
QAǴAZDAN PELMEN ISLEW .... 31
QAǴAZDAN PAPE-MASHE USÍLÍNDA BUYÍMLAR ISLEW .... 32
SABANNAN KÓLEMLI OYÍNSHÍQLAR ISLEW .... 35
SABANNAN APPLIKACIYA USÍLÍNDA
PEYZAJ TAYARLAW .... 40
SUWDA JÚZETUǴÍN
TRANSPORT ISLEW (KATAMARAN).... 42
QÍZÍL JELQOMLÍ KEME ISLEW .... 44
USHÍWSHÍ MODELIN ISLEW .... 45
POLIMER MATERIALLARDAN OYÍNSHÍQ ISLEW .... 47
AYAZBABA USTAXANASÍNDA YOLKA BEZEGIN ISLEW .... 48
YOLKANÍ BEZEW USHÍN MARJAN ISLEW .... 49
SHAR FORMASÍNDAǴÍ YOLKA OYÍNSHÍǴÍN ISLEW .... 50
QAǴAZDAN YOLKA ISLEW .... 51
QUTLÍQLAW SAWǴASÍN ISLEW .... 52
ERTEK QAHARMANLARÍN ISLEW .... 53



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

PLASTILINNEN SEBET KÓTERGEN TÚLKI ISLEW .................. 56
JIPTEN OYÍNSHÍQ ISLEW .................................................. 57
JIPTEN SEGIZAYAQ ISLEW ................................................ 58
GEZLEMEDEN JUMSAQ OYÍNSHÍQ TIGIW .............................. 60
BEZELGEN OYÍNSHÍQ KÓPSHIK TIGIW ................................. 62
OYÍNSHÍQ TIGIW ............................................................. 63
JÚK MASHINASÍ MODELIN ISLEW ....................................... 64
AVTOMOBIL MODELIN ISLEW ............................................. 65
8-MART BAYRAMÍNA QUTLÍQLAW SAWǴASÍ ........................ 66
BAYRAM QUTLÍQLAW SAWǴASÍN ISLEW .............................. 68
NAWRÍZ BAYRAMÍNA QUTLÍQLAW SAWǴASÍN ISLEW ......... 70
“GULZAR” KÓRINISLI KVILLING USÍLÍNDA ISLEW ................ 72
TIGIWSHILIK .................................................................... 73
GEZLEMEDEN ZATLAR TIGIW ........................................... 74
GEZLEMEDEN GÚL DÁSTESIN ISLEW ................................ 76
TOQÍW HAQQÍNDA MAǴLÍWMAT ....................................... 78
ILMEK PENEN TOQÍW ....................................................... 81
SHÍNJÍR TIGISINEN KOMPOZICIYA ISLEW ........................ 84
MÁYEK QABÍRSHAǴÍNAN MOZAIKA USÍLÍNDA
KOMPOZICIYA TAYARLAW ............................................... 86
DÓRETIWSHILIK PENEN ÓZ BETINSHE ISLEW
USHÍN TEMALAR .............................................................. 88
TEXNOLOGIYA SABAǴÍNA TIYISLI ATAMALAR
TÚSINDIRMESI ................................................................ 108



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

*O'quv nashri*

Mannopova Ilgizar Axmadovna
Mavlonova Rahima Abdurazzoqovna
Ibragimova Nazokat Ravshanxonovna

# TEXNOLOGIYA

**4-sinf uchun darslik**

*(Qoraqalpoq tilida)*

Qayta ishlangan va to'ldirilgan
ikkinchi nashri

«O'zbekiston milliy ensiklopediyasi»
Davlat ilmiy nashriyoti
Toshkent – 2017

| | |
|---|---|
| Awdarmashı | Z.Óserbaeva |
| Redaktor | S. Aytmuratova |
| Dizayner | A. Yoqubjonov |
| Xudojnik | J. Badalov |
| Tex. redaktor | U. Sapayev, B.Turımbetov |
| Operator | A. Ataǵullaeva |

Baspa licenziyası AI № 160, 14.08.2009-y.
24.07.2017-j.da basıwǵa ruqsat etildi. Formatı 70 x 90 $^1/_{16}$.
Kegli 14. Ofset usılında basıldı. Shártli baspa tabaq 8,19. Esap b.t. 7,00.
Nusqası 11062 nusqa. 17-229-sanli buyırtpa.

«O'zbekiston milliy ensiklopediyasi» Mámleketlik ilimiy baspası,
Tashkent–100011, Nawayı kóshesi,30-úy.

Ózbekistan Baspasóz hám xabar agentliginiń
"O'zbekiston" baspa-poligrafiyalıq dóretiwshilik úyi baspaxanasında basıldı.
Tashkent,700194,Yangishahar kóshesi,1-úy.

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## Ijaraǵa berilgen sabaqlıqtıń jaǵdayın kórsetiwshi keste

| T.s | Oqıwshınıń atı Ákesiniń atı | Oqıw jılı | Sabaqlıqtıń alınǵandaǵı jaǵdayı | Klass basshısınıń qolı | Sabaqlıqtıń tapsırılǵandaǵı jaǵdayı | Klass basshı-sınıń qolı |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | | | | | | |
| 2 | | | | | | |
| 3 | | | | | | |
| 4 | | | | | | |
| 5 | | | | | | |

**Sabaqlıq ijaraǵa berilip, oqıw jılı aqırında qaytarıp alınǵanda joqarıdaǵı keste klass basshısı tárepinen tómendegi bahalaw ólshemlerine tiykarlanıp toltırıladı:**

| | |
|---|---|
| Jańa | Sabaqlıqtıń birinshi ret paydalanıwǵa berilgendegi jaǵdayı |
| Jaqsı | Muqabası pútin, sabaqlıqtıń tiykarǵı bóliminen ajıralmaǵan. Barlıq betleri bar. Jırtılmaǵan, betleri almastırılmaǵan, betlerinde jazıw hám sızıqlar joq. |
| Qanaatlandırarlı | Muqaba jelingen, bir qansha sızılıp, shetleri qayrılǵan, sabaqlıqtıń tiykarǵı bóliminen alınıp qalıw jaǵdayı bar, paydalanıwshı tárepinen qanaatlanarlı qálpine keltirilgen. Alınǵan betleri qayta jelimlengen, ayırım betlerine sızılǵan. |
| Qanaatlanarsız | Muqabaǵa sızılǵan, jırtılǵan, tiykarǵı bólimnen ajıralǵan yamasa pútkilley joq. Betleri jırtılǵan, betleri tolıq emes, sızıp, boyap taslanǵan. Sabaqlıqtı qayta tiklew múmkin emes. |

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE